QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI
VAZIRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko'chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«10» avgust 2021-y. № 03-01/09-3624 «____»-__________ 2021-j.

**O'zbekiston Respublikasi Xalq ta'limi vazirligiga**

Qoraqalpog'iston Respublikasi Xalq ta'limi vazirligi Sizga, Amudaryo tumani Zarbuloq ko'chasi 10-uyda istiqomat qiluvchi fuqaro G'.Rahimovning 2021-yil 30-iyul kungi O'zbekiston Respublikasi Prezidentiga veb-sayt orqali kelib tushgan 93901-s/21-sonli murojaati tegishli tartibda o'rganib chiqilib, murojaat egasiga Qoraqalpog'iston Respublikasi Xalq ta'limi vazirligi tomonidan 2021-yil 10-avgustdagi 02-01/09-3610-sonli javob xati yuborilganligini ma'lum qilib bildiramiz.

*Javob xati ilova qilinadi.*

**Vazir o'rinbosari** **Sh.Tadjimuratov**

Ijrochi: B.Kojanazarov
Tel: (91) 391-90-99

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI
VAZIRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko'chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«10» август 2021-y. № 02-01/09-3610 «____»-__________ 2021-j.

**Ámiwdariya rayonı, Zarbulaq kóshesi**
**10-úyde jasawshı puqara**
**Ǵ.Rahimovqa**

Siziń, 2021-jıl 26-iyuldağı Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesine "Mekteplerde bilim sıpatın asırıw boyınsha usınıs etken joybar"larınıńız Qaraqalpaqstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi tárepinen úyrenilip shıǵıldı.

Bul boyınsha Ámiwdárya rayonlıq xalıq bilimlendiriw bóliminiń 2021-jıl 17-iyuldağı 208/1-sanlı xatı tiykarında da túsinik berilip ótilgen. Siz usınıs etip atırǵan joybarlar bilim sıpatın asırıwda áhmiyetli bolıp, joybarlardı ámelge asırıw ushın tómendegi usınıslardı bildiremiz:

Mektep bilimlendiriwin rawajlandırıw boyınsha 3 jılda óz nátiyjesin beriwshi joybarıńız tiykarında hár bir rayon(qala) ushın 50 mln sum ajıratıw kerek ekenligin bildirgensiz.

a) 1-joybarınız: «Sabaq processinde oqıtıwshı hám oqıwshılarǵa sıpatlı bilim beriwge qaratılǵan». Birinshi gezekte bul joybarıńızdı tájiriybeli ekspertler tárepinen úyrenip shıǵıw hám juwmaq shıǵarıw zárúr. Jánede hár bir oqıtıwshını sıpatlı oqıtıw hám de qánigeligin arttırıw boyınsha mámleketimizde tiyisli bilimlendiriw mákemeleri bar bolıp, jańa platformalar tiykarında oqıtılıp atırǵanlıǵın esapqa alıp, Siziń joybarıńızdı usınıs etkenińizden soń qánigelik arttırıw orayları menen birgelikte ámelge asırıw múmkin. Sonday-aq, ulıwma orta bilim beriw mektep oqıtıwshıları ózleriniń qálewi menen qosımsha pullı kurslarǵa qatnasıw múmkin. Sol sebepli oqıtıwshı hám oqıwshılarǵa sıpatlı bilim beriw ushın óz aldına «Oqıw kurs»ların tiyisli nızam talapları tiykarında shólkemlestiriwińiz usınıs etiledi.

b) 2-joybarıńız: "Mektep pitkeriwshileri, oqıtıwshıları hám mámleketlik basqarıw uyımları xızmetkerlerin inglis tilin biliw boyınsha xalıqaralıq IELTS imtixanlarına tayarlawǵa mólsherlengen 1 jıldan 3 jılǵa shekem bolǵan baǵdarlama"ńız boyınsha Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2021-jıl 19-maydaǵı "Ózbekstan Respublikasında Shet tillerin úyreniwdi en jaydırıw jumısların sapa jaǵınan jańa basqıshqa alıp shıǵıw is-ilajları haqqında"ǵı PQ-5117-sanlı qararınıń 4-bántinde "Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi Baslıǵı, wálayatlar hám Tashkent qalası hákimleri awıllıq aymaqlarda shet tillerin oqıtıw jumısların shólkemlestiriw ushın isbilermenlik subyektlerine 50 mln sumǵa shekem jergilikli byudjet qarjıları esabınan bir mártelik subsidiya ajıratıw ámeliyatın jolǵa qoyıw" belgilengen bolıp, usı subsidiya arqalı jeke oqıw kursın ashıwıńız hám de mámleket tárepinen berilgen jeńilliklerden paydalanıwıńız maqsetke muwapıq bolar edi.

Joqarıdağılardı esapqa alıp Sizge, mámleketimiz tárepinen oqıtıwshılardıń qánigeligin arttırıwğa hám de bilimlendiriw mákemelerinde shet tillerin oqıtıwdı rawajlandırıw boyınsha berilip atırğan jeńilliklerden paydalanıwıńızdı hám de bilim sıpatın asırıw boyınsha usınılıp atırğan joybarlarıńız keleshegimiz bolğan jaslardıń bárkamal áwlad bolıp jetilisiwinde áhmiyetli ekenligin málim etip bildiremiz.

Eger, Siz joqarıdağı juwaptan narazı bolsańız Ózbekstan Respublikasınıń "Fizikalıq hám yuridikalıq shaxslardıń múrájatları haqqında"ğı Nızamğa tiykar joqarğı turıwshı uyımlarğa múrájat etiw huqıqıńız bar ekenligin eskertemiz.

**Ministrdiń birinshi orınbasarı w.w.a.** **Q.Bekbawliev**

3-sh.

"O`zbekiston pochtasi" aksiyadorlik jamiyati

3/1878 -son KVITANSIYA
(kvitansiya yoki shtrixli pochta identifikatori raqami)
buyurtma з/п ______ qabul qilishda
(jo`natma turi) (alohida belgisi)
Qayerga Амударья т.м
Kimga Ж. Рахимовга
Og`irlik 0,020 g.
Jo`natish uchun to`lov 7 so`m ______ tiyin
Qabul qildi ______
(imzo)

Tayarlaǵan: B.Kojanazarov
Tel: (91) 391-90-99